

# Konprann poukisa timoun yo gen difikilte pou fè lekti

Otè a se Gretchen Vierstra, MA

*Nou fè patenaraya ak Understood.org pou nou founi edikatè ak fanmi yo resous ke ekspè verifye e ki fonde sou done ki pwouve konsènan diferans ki genyen nan aprantisaj.*

Pwosesis pou aprann li a pa fasil. Lè timoun yo gen difikilte pou yo li, sa pa vle di yo pa entelijan. Li pa vle di nonplis ke yo parese. An reyalite, timoun ki gen pwoblèm pou li yo souvan ap fè tout efò yo pou yo eseye li.

Gen kèk timoun ki jis bezwen plis tan ak pratik pase lòt yo pou yo gen konpetans nan fè lekti. Gen lòt ki bezwen èd ak sipò siplemantè pou yo rive la.

Lè jèn timoun yo “an reta” nan konpetans yo pou fè lekti, konsidere laj yo. Se pa tout timoun ki devlope nan menm vitès la. E diferans yo ka menm pi gwo pou timoun ki jèn pou klas y ap fè a.

Ou ka gade tou kijan y ap aprann yo li. Si yo pa jwenn kalite ansèyman yo bezwen an, sa ka gen yon enpak sou rapidite yo genyen lè y ap aprann ak sou efikasite yo lè y ap li.

Yon lòt faktè posib se eredite. Difikilte nan lekti souvan ka se yon bagay ki nan fanmi an.

Gen kèk timoun ki aprann epi ki panse yon fason diferan, e diferans sa yo ka lakòz pwoblèm ak lekti. Sa gen ladan l yon diferans aprantisaj komen ki rele disleksi.

## Siy disleksi yo

**Disleksi** se yon twoub aprantisaj nan lekti. Li fè lekti difisil. Men, li kapab tou fè òtograf ak ekri difisil. Siy disleksi ka parèt nan diferan fason epi nan diferan laj. E siy yo ka chanje apre yon tan.

Nan lekòl matènèl ak nan jadendanfan, timoun yo ka gen difikilte pou:

- Rekonèt lèt oswa mo ki rime yo
- Pwononse mo, tankou di “wachin mouj” olye l di “machin wouj”
- Aprann alfabè a ak jou yo nan semèn nan
- Eksplike kisa yon istwa te gen ladan

Etan timoun yo ap vin pi gran, yo ka li a yon nivo ki pi ba pase nivo klas yo a. E kèk difikilte nan lekti ka vin parèt jouk pita — ta tankou jouk nan nivo lekòl segondè. Timoun yo ka gen difikilte tou ak bagay tankou òtograf, pwoblèm matematik ki ekri, konprann blag, oswa aprann yon lòt lang.

Aprann plis sou:

- **Siy disleksi yo**
- **Konpetans nan lekti timoun yo genyen jeneralman nan diferan laj**

## Siy inatandi sou pwoblèm nan lekti

Lè timoun yo gen difikilte ak lekti, sa ka parèt nan fason inatandi. Timoun yo ka evite fè devwa lakay yo oswa yo ka pa vle ale lekòl. Nan kèk ka, yo ka gen sèten reyakson lè yo nan klas paske yo fristre.

Timoun ki gen pwoblèm pou fè lekti ka evite fè lekti konplètman— sitou li awotvwa. Sa ka fèt swa lakay yo oswa nan lekòl la. Pa egzanp, timoun yo ka mande pou yo ale nan twalèt pandan aktivite ki mande pou fè lekti awotvwa nan lekòl la.

Se pa tout timoun ki evite fè lekti ki gen pwoblèm pou yo li. Aprann **lòt rezon ki fè kèk timoun pa vle li.**

## Pwochen etap yo

Kèlkeswa sa ki lakòz pwoblèm nan ak lekti, gen fason pou ede. Fanmi ak edikatè yo ka travay ansanm pou konprann sa k ap pase.

Kòmanse pa pataje nòt sou sa w ap obsève, sitou nenpòt tandans ou remake. Apresa pale sou estrateji pou eseye nan lekòl la ak lakay ou. (Pou fanmi yo: Eseye **egzanp sa yo pou kòmanse konvèsasyon yo** pou ede w pale ak pwofesè pitit ou a konsènan pwoblèm lekti yo.)

**Paran ak moun k ap bay swen:** Eksploré fason pou **ede pitit ou ak lekti**, ki gen ladan bagay pou fè **lè oumenm ou pa renmen li**.

**Pou edikatè:** Aprann sou **alfabetizasyon estriktire**, epi jwenn **estrategi pou anseye lekti**.

### Otè a

Gretchen Vierstra, MA, se redaktè anchèf nan Understood ak ko-animateur podcast “In It” la. Li se yon anseyen edikatè ki gen eksperyans nan ansèyman ak konsepsyon pwogram nan lekòl, òganizasyon, ak espas aprantisaj sou entènèt.

### Revizè a

Bob Cunningham, EdM, ap sèvi kòm direktè egzekitif devlopman aprantisaj nan Understood.